



CHA Gen yon Nouvo Famasi nan Revere!



Mejore su salud al obtener respuestas

CHA fèk ouvè yon nouvo Famasi nan [Sant Swen Revere CHA a \(CHA Revere Care Center\)](#) (454 Broadway)! Lè ou chanje pou sèvi ak yon famasi CHA pou òdonans ou yo se yon chwa ekselan pou oumenm ak fanmi ou. Nou ofri:

- Livrezon lakay GRATIS
- Renouvèlman otomatik
- Yon aplikasyon mobil fasil pou itilize
- Vaksinasyon sistematik
- Èd finansyè (pou moun ki kalifye)

Epi, anpil nan famasyen nou yo pale plizyè lang!

Chanje pou Sèvi ak yon Famasi CHA Jodi a!



Sant pou Je CHA a (CHA Eye Center) La pou Wè Ou

Ou gen pwoblèm je oswa vizyon? Sant pou Je CHA a gen kèk nan chirijyen je ki gen plis eksperyans nan zòn Boston an. Nou wè pasyan nan Somerville ak nan Malden epi nou trete yon gran varyete pwoblèm je ak vizyon. Ou ka jwenn laswenyay pou tout bagay soti nan swen debaz rive nan operasyon konplèks nan je.

[Gade videyo nou an sou Sant pou Je a](#) epi rankontre ak Chèf Oftalmoloji nou an, Dètè. [Vincent Patalano](#), ki nan CHA depi plis pase 30 ane.

Pran kontak ak Sant pou Je CHA a



Kenbe Asirans MassHealth Ou a

MassHealth chanje kondisyon li yo pou kontinye kalifye (continuous eligibility, CE). Gen sèten manm nan MassHealth ki ka kenbe asirans yo pou ane a menm si yo gen chanjman ki fèt ki ta nòmalman gen konsekans sou kalifikasyon yo.

Twa gwoup sa yo Kontinye Kalifye kounye a:

- Manm ki gen mwens pase laj 65 an ki soti nan prizon
- Moun ki gen mwens pase 65 an yo verifiye kòm moun ki toujou sanzabri
- Timoun ki gen mwens pase laj 19 an

Yon moun gen dwa pèdi asirans li anvan peryòd CE li an fini si:

- Li vin gen 19 an (depase laj pou asirans la)
- L al rete andeyò eta a
- Li wete tèt li lib e libè
- Yo dekouvri li pa t janm kalifye (yo te fè erè premye fwa yo te kalifye li an)

Chèche konnen plis la a



Pi Bon Teknoloji pou Kè ou

CT (Computed Tomography owa Eskanografi) pèmèt pwofesyonèl medikal yo gade andedan kò ou an detay. Ekanè CT an pran foto an “tranch”, sa ki fè timè yo, ti boul yo, kis yo ak lòt pwoblèm yo pi fasil pou wè.

Kounye a CHA ofri Anjyografi Kè avèk CT pou pasyan yo. Sèvis sa a ki gen anpil demann bay imaj detaye atè ak venn kè a. Li ede evalye maladi kè tankou veso ki ratresi oswa bloka.

Pale ak doktè premye swen w lan oswa ak kadyològ ou a nan CHA pou konnen si ou bezwen nivo swen sa a. Eskanografi espesyalize – yon lòt fason CHA pote Laswenyay pou Moun!

Chèche konnen plis sou CT



Manje Gratis nan Mache Mobil Revere CHA a

Chak mwa, CHA fè pasyan yo ak manm kominote a ki nan bezwen kado manje gratis. Nan lane ki sot pase a, nou te fè kado 155,605 liv manje!

Si ou pè pou w pa gen kont manje, kite nou ede w. [Mache Mobil Revere CHA a \(CHA Revere Mobile Market\)](#) ouvè pou tout moun. Sèl sa ou gen pou fè se enskri lè ou rive. Ou pa bezwen pote dokiman. Y ap ba ou yon sache ki plen fwi ak legim fre. Gade [sit entènèt](#) nou an pou orè a ak lè yo.

Chèche konnen plis jodi a!

BELIEVE IN WHERE YOU WORK



Kwè nan Kote W ap Travay la

Sa mande anpil moun plen talan pou kenbe CHA ap fonksyone swa. Semèn pase a nou te selebre laboranten nou yo pandan Semèn Flebotomi an - e n ap chèche plis moun fòmidad toujou pou konplete ekip nou an.

Si ou vle travay ak yon gwoup korekipye atansyon ak angaje, pran enfòmasyon sou CHA. Ale sou sit entènèt nou an epi jwenn plis enfòmasyon sou pòs laboranten nou yo jodi a.

Klike la a pou pwochen travay ou a

